

**SS.7.C.3.13 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3:** Elèv yo ap konpare pwosesis amannman Konstitisyon peyi Etazini an ak eta Florid la.

Ni Konstitisyon peyi Etazini an ak eta Florid la se "dokiman kap viv" paske tou de dekri kouman yo ka amande (chanje) yo. Pandan ke tou de dokiman yo ka chanje, fason yo ka amande yo a trè diferan.

*Pou yon deskripsiyon ki pi presi nan fason ke yo ka chanje Konstitisyon Etazini an, li ta ka itil pou revize Student Readings sou nosyon fondamantal SS.7.C.3.5.* Enfòmasyon ki pi enpòtan pou konnen sou pwosesis **amannman** pou Konstitisyon Etazini an, sè ke yon amannman dwe premyèman pwopoze (sijere), epi eta yo dwe dakò pou **ratifye** pou ka ajoute I nan Konstitisyon an.

Gen de diferan fason ke yon amannman nan Konstitisyon Etazini an ka pwopoze: (1) de tyè (2/3) nan manm yo nan chak chanm Kongrè a ka pwopoze yon amannman oswa (2) yon **konvansyon** ke de tyè (2/3) nan eta yo aple ka itilize pou pwopoze yon amannman. Si youn nan de opsyon sa yo a gen siksè, yap voye amannman ki pwopoze a bay eta yo pou **ratifikasyon**.

Gen de fason ke yon amannman nan Konstitisyon Etazini an ka ratifye: (1) twa-ka (3/4) nan **lejislati eta a** kapab vote pou ratifye amannman an oswa (2) twa-ka (3/4) nan eta yo ka rele pou yon konvansyon pou ratifye amannman an.

Nan nivo eta a, pwosesis amannman an trè diferan. Votè yo nan eta a dwe dakò pou chanje Konstitisyon Florid la. Amannman yo enkli sou bilten vòt yo nan Jou Eleksyon an. Votè yo vote "wi" oswa "non" nan amannman ki pwopoze. Yon amannman ka sèlman ajoute nan Konstitisyon Florid la, si 60% oswa plis nan votè yo vote "wi".

Gen senk fason pou pwopoze yon amannman nan Konstitisyon Florid la:

1. Konvansyon Konstitisyonèl - Yon seri kantite votè anrejistre ki reprezante 15% nan vòt nan elekson prezidansyèl ki pi resan an ka rele pou yon konvansyon konstitisyonèl. Amannman ka pwopoze nan konvansyon an.
2. Pwosesis Bilten Vòt Inisyativ - Yon seri katite votè anrejistre ki reprezante 8% nan vòt nan elekson prezidansyèl ki pi resan an dwe siyen yon petisyon pou pwopoze yo mete yon amannman sou yon bilten vòt Jou Eleksyon nan lavni.
3. Revizyon Komisyon Konstitisyonèl – 37 manm nan Revizyon Komisyon Konstitisyonèl la rankontre chak 20 an (pwochen reyinyon an ap fèt an 2017) ak pwopoze amannman nan konstitisyon eta a.
4. Rezolisyón ki Makonnen ak Lejislatif la - Twa-senkyèm (60%) nan chak chanm Lejislati Florid la ka pase yon rezolisyón (desizyon) makonnen pou pwopoze yo mete yon amannman sou yon bilten vòt Jou Eleksyon nan lavni.
5. Taks ak Refòm Bidjè Komisyon - Taksasyon 22-manm ak Refòm Bidjè Komisyon pwopoze amannman yo nan konstitisyon eta a. Komisyon sa a te rankontre dènye fwa an 2007 e ap rankontre chak 20yèm ane (2027, 2047, elatriye).

**amannman** - yon chanjman nan yon konstitisyon (egzanp, Konstitisyon peyi Etazini an, Konstitisyon Eta Florid la)

**eta lejislati** - branch legislatif gouvènman eta a (Chanm Representatif eta Florid la ak Sena eta Florid la)

**konvansyon** - yon reyinyon ofisyèl avèk chèf eta gouvènman an

**ratifikasyon** - pwosesis pou apwouve fòmèlman yon bagay; ratifikasyon Konstitisyon Etazini an

**ratifye** - eksprime konsantman pou confime; fòmèlman apwouve